

# Nexplanon

## Enplant pou Kontrasepsyon

**Sa pou espere pandan kèk premye mwa yo**



Photo: Merck

**Kò ou ap vin abitye avèk enplant lan, li nòmal pou gen:**

- **Senyman.** Ou ka gen senyman pandan 3-6 mwa apre ou pran enplant lan. Senyman an kapab anpil, tankou yon règ oswa lejè anpil. Sa ap pi bon apre yon peryòd tan. Mete sèvyèt ijyenik nan valiz ou. Fason sa a ou pare pou sizoka ou senyen lè ou pa espere sa.
- **Doulè oswa grafouyen.** Ou ka santi doulè oswa ou ka gen yon grafouyen sou bra ou kote doktè mete enplant lan. Sa ta dwe ale nan kèk jou. Si ou vle kache grafouyen an, mete rad ki kouvri li jiskaske li ale.
- **Chanjman nan kò ou oswa nan imè ou.** Ou ka santi kò ou diferan. Ou ka remake imè ou diferan tou. Sa kapab rive pandan ou vin abitye avèk òmòn yo ki nan enplant lan. Pifò moun pa remake chanjman sa yo apre 3-6 mwa.

**Pandan ou gen enplant lan sou ou:**

- **Règ ou ka chanje.** Ou ka gen règ ki pi kout oswa ki pi lejè. Kèk moun gen tach san souvan. Ou ka pa gen yon règ ditou pandan w ap itilize enplant lan. Chak moun diferan.
- **Fè tchèk yon fwa chak ane.** Doktè ou ap asire enplant lan toujou nan bon pozisyon sou ou.

# Ki lòt bagay mwen ta dwe fè apre mwen resevwa en-plant kontrasepsyon ant?



Photo: Bedsider

- **Sèvi ak kapòt pandan omwen 7 jou apre ou mete enplant lan.** Enplant lan pa travay pou pwoteje ou kont gwo sès jiskaske ou mete li pou 7 jou. Si ou fè bagay san yon kapòt nan premye semèn ou mete enplant lan, vi-ni nan klinik lan pou Plan B. Plan B kapab anpeche ou ansent si ou pran li jiska 5 jou apre sèks la. Tank ou pran Plan B pi bonè, tank l ap travay pi byen.
- **Kontinye sèvi ak kapòt** menm si ou te mete enplant lan pandan plis pase yon semèn. Nexplanon se youn nan pi bon fason pou evite gwo sès, men li pa pwoteje ou kont VIH oswa STI yo or STIs (enfeksyon ou kapab pran nan fè bagay). Kapòt yo bese chans pou vin ansent tou menm pi plis.
- **Fè tés pou HIV ak STI yo chak 6 mwa oswa anvan ou gen yon nouvo patnè.**

## Li ra pou gen pwoblèm avèk enplant lan. Men rele doktè ou si:

- **Bra ou wouj oswa cho pi plis, fliyid ap koule nan bra ou, oswa ou gen lafyèv.** Sa ka vle di ou gen yon enfeksyon.
- **Enplant lan ap soti nan bra ou.** Si enplant lan kòmanse soti, li p ap travay byen pou anpeche ou ansent. Ale nan klinik doktè a imedyatman ou kapab pou li kapab fikse enplant ou. Itilize yon lòt kalite metòd kontrasepsyon, tankou kapòt jiskaske ou wè doktè ou.

Pale avèk edikatè CHN ou oswa doktè ou si ou gen nenpòt kesyon.